


Anplwaye, Tanpri Lave Men w

KOUMAN



KILÈ

Lave men w anvan ou pare manje, oswa chak fwa ou bezwen.

Lave men w apre ou :

- ▶ sèvi ak twalèt
- ▶ manyen vyann, poul, pwason, oubyen ze kri, oswa nenpòt ki lòt manje ki kapab pa byen pwòp
- ▶ sispann yon travay ou t ap fè nan manje (tankou pou reponn telefòn, ouvri yon pòt oswa yon tiwa)
- ▶ manje, fimèn, oswa manje chiklèt
- ▶ manyen plat, istansil, oswa ekipman ki sal
- ▶ pote fatra mete deyò
- ▶ manyen nen w, bouch ou, oswa nenpòt ki lòt kote nan kò w
- ▶ etènne oswa touse

Pa manyen manje ki tou pare avèk men w

Sèvi ak gan, oswa pensèt, oswa sèvyèt pou pran manje, oswa lòt istansil pou sèvi manje.

Retire tout bijou, penti pou zonk oswa fo zong, sòf si w mete gan nan men w.

Mete gan nan menm w

si w gen yo kote ki blese nan men w
si w pa kapab retire bijou w

Si w mete gan nan men w :

- ▶ lave men w anvan ou mete gan nèt

Chanje yo :

- ▶ chak fwa ou lave men w
- ▶ si yo chire oswa sal

Dokiman sa a ekri nan Pwogram UMass Ekstansyon sou Edikasyon nan Zafè Manje a, avèk sipò Administrasyon Etazini pou Manje ak Medikaman, epi patisipasyon Patnè MA pou Edikasyon sou Sekirite nan Manje. Ak kowoperasyon Depatman Agrikilti Etazini. UMass Ekstansyon bay tout moun menm chans nan pwogram ak nan travay.

